№3
2024

OZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASI
NOKIS FILIALI

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI | ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА | BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY - METODIKALÍQ JURNAL

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW,
ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

№ 3/2024

# KÓRKEM ÓNER

# KOMPOZITOR HIKMAT RAJABOV ÓMIRI HÁM DÓRETIWSHILIGI HAQQÍNDA

**Mamutov P.A.**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Annotaciya:** Bul maqalada húrmetli ustaz, kompozitor, belgili dirijyor, «Shuhrat» medalınıń iyesi, Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen jaslar ustazı, professor Hikmat Rajabov ómiri hám dóretiwshiligi hám onıń muzıka kórkem ónerin hár tárepleme rawajlandırıw, bay muzıkalıq miyraslarımızdı tereń úyreniw barısındaǵı xızmetleri sonday-aq, Ózbekstan mámleketlik konservatoriyasınıń Nókis filialda shólkemlestirilgen “Xalıq sazları” orkestrin rawajlandiriwdaǵı úlesi hám onıń jaslar táribiyasındaǵı tutqan ornı haqqında sóz etiledi.

**Gilt sózler**: konservatoriya, muzıka, orkestr, kompozitor, dirijyor, ustaz-shákirt, koncert

**Abstract:** This article tells about the life and work of Professor Hikmat Rajabov, a great teacher, composer, famous conductor, winner of the Shukhrat medal, youth coach who served in Karakalpakstan, as well as his merits in the widespread promotion of musical art, in-depth study of our rich musical heritage. The history of the contribution to the development of the folk instruments orchestra created at the Nukus branch of the Uzbek State Conservatory, and its role in the education of youth will also be discussed.

**Keywords:** conservatory, music, orchestra, composer, conductor, teacher-student, concert

**Аннотация:** В данной статье рассказывается о жизни и деятельности профессора Хикмата Раджабова, великого педагога, композитора, известного дирижёра, обладателя медали «Шухрат», тренера молодёжи, служившего в Каракалпакстане, а также его заслуги в широкой пропаганде музыкального искусства, в -углубленное изучение нашего богатого музыкального наследия.

Также будет обсуждаться история вклада в развитие оркестра народных инструментов, созданного при Нукусском филиале Узбекской государственной консерватории, и его роль в воспитании молодежи.

**Ключевые слова:** консерватория, музыка, оркестр, композитор, дирижёр, преподаватель-ученик, концерт

Insannıń ruwxıy dúnyasın bayıtıp, onı jaqsılıqqa talpındırıwda kórkem ónerdiń, sonıń ishinde, saz atqarıwshılıq óneriniń ornı salmaqlı bolıp tabıladı. Insan talantı menen jaralǵan jaǵımlı namalar hárbir kewilde gózzallıq sezimlerin uyalatadı. Buxaralı miynetkesh, miyriman hám keńpeyil insanlar Juma Rajabov penen Zevar Ahmedovanıń shańaraǵı da mine, usı ónerdiń naǵız ıqlasbenti bolıw menen birge, radioesittiriwlerin qaldırmastan tıńlap, shashmaqom hám milliy qosıqlardıń shaydası bolǵan. Zevar ana háyiw aytıp perzentine muzıkanı sińdirgen, Ana háyiwı sesleri sıyqırınan ózgeshe kúsh alǵan, Hikmat Rajabov ata-anasınıń qollap-quwatlawı menen muzıka kórkem ónerine mehir qoyadı. Bul jolda Hikmat Rajabov búgingi kúnde húrmetli ustazlıq dárejesine erisip, kompozitor, belgili dirijyor, «Shuhrat» medalınıń iyesi, Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen jaslar ustazı, professor ataqların alıwǵa miyasar boldı.

Hikmat Rajabovdıń ózbek muzıka kórkem óneri hám mádeniyatı rawajlanıwı jolındaǵı miynetleri ayrıqsha bolıp tabıladı.

1973-1978-jılları M.Ashrafiy atındaǵı Tashkent mámleketlik konservatoriyasın tabıslı tamamlap, muzıka bilim dárgayında tárbiya kórdi hám pedagogikalıq iskerligin 1975-jılı Tashkent qalasında jaylasqan balalar muzıka mektebinde oqıtıwshı bolıp basladı. Sonday-aq, 1980-1982-jıllarda Sadriddin Ayniy atındaǵı Buxara wálayatı muzıkalı drama hám komediya teatrı bas dirijyorı, Buxara wálayatı Filarmoniyasında direktor (1984-1986), Buxara balalar muzıka mektebi direktorı (1986-1997), Buxara wálayatı hákimliginiń mádeniyat isleri boyınsha basqarma baslıǵı (1997-2021) lawazımlarında nátiyjeli miynet etken.

Rajabov Hikmat Jumaevich Buxara wálayatı hákimliginiń mádeniyat isleri boyınsha basqarma baslıǵı bolıp islegen dáwirinde jańa tariyx betleri ashıldı. Ásirese dóretiwshilik sheriklikte jańasha ideyalar menen pikirlewge basladı. Shet el, muzıka tarawı boyınsha wákiller menen dóretiwshilik sheriklik baylanısların ornattı hám 1999-jıl otkyabr ayında Buxarada Germaniyanıń Shuber Bund er adamlar xorı menen birgelikte koncertler shólkemlestirdi. Ózbek xalıq sazları orkestri qatnasıwında Shuber Bund xorına dirijyorlıq etti. Úzliksiz tárizde wálayat hám Respublika kóleminde ótkerilgen «Ǵárezsizlik» hám «Nawrız» bayram saltanatlarında orkestr jámááti menen qatnastı hám barlıq ilajlarǵa basshılıq etti. Sonıń menen birge, H.Rajabov keyingi jıllardaǵı dawamında ózbek hám qaraqalpaq kórkem óner sheberleri menen sheriklikte kóplegen ózbek, qaraqalpaq qosıqların orkestr ushın qayta isledi hám 2007-jıl Ózbekstan kompozitorlar hám melodistler awqamınıń aǵzası retinde 30 ǵa jaqın muzıkalıq shıǵarmalar jaratıp, olardı respublika teleradiosı "Altın fondı"na jazdıradı. H.Rajabov 2010-jıl dekabr ayında Ózbekstan hám Qıtay mámleketleriniń kompozitorları jaratqan dóretpelerden dúzilgen orkestr atqarıwındaǵı koncert baǵdarlaması, bir topar Qıtaylıq sázendeler menen birge atqarılıwı tamashagóyler tárepinen qol shapalaqlar menen kútip alındı. Dirijyor, kompozitor hám sheber sázende Hikmat Rajabov 2015-2021-jıllar dawamında Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı "Saz atqarıwshılıǵı" kafedrası aǵa oqıtıwshı, Buxara wálayatı muzıkalı drama teatrı bas dirijyorı, Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı "Saz atqarıwshılıǵı" kafedrasında docent lawazımında isledi hám institut kóleminde ótkerilgen ilajlarda belsendi qatnastı. H.Rajabov óz iskerligi dawamında húkimetimiz tárepinen qatar diplom hám húrmet jarlıqlar menen sıylıqlanǵan.

1992-jıl «Ǵárezsizlik» estelik nıshanı, 2021-jılı Húrmetli Prezidentimiz tárepinen «Shuhrat» medalı menen, 2023-jıl «Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen jaslar ustazı» húrmetli ataǵı menen sıylıqlandı.

2021-jıl Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialınıń ashılıwı qaraqalpaq muzıka mádeniyatı tarawında úlken tariyxıy waqıya boldı. Bul joqarı oqıw ornı biziń ata-babalarımız hám búgingi kún jaslarınıń ármanı edi. Filial ashılǵan kúnnen baslap dirijyor, kompozitor hám sheber pedagog H.Rajabov filial menen tıǵız baylanısta bolıp, Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministrliginiń arnawlı xatı tiykarında 2022-jıl sentyabr ayınan baslap, Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı "Saz atqarıwshılıǵı" kafedrasında professor lawazımında iskerlik júrgize basladı hám Qaraqalpaqstanǵa kelgen kúnnen baslap Respublika hám filial kóleminde ótkerilgen barlıq ilajlarda qatnasıp, ullı kompozitorlar, xalıq súygen namalar, belgili qosıqshı hám Kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha izleniwshi alımlar táreninen islengen shıǵarmalar student jaslarǵa tanıstırılıp, olar ómiri hám dóretiwshiligine baǵıshlanǵan mádeniy ilajlardı turaqlı túrde ótkerip kelmekte. Atap aytqanda, 2022-jıl noyabr ayında Tashkent qalasında ótkerilgen "Conservatory SMART-Fest" Xalıqaralıq muzıka hám tálim festivalı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikalarınıń kórkem óner ǵayratkeri, «Mehnat shuhrati» hám «El yurt hurmati» ordenleriniń iyesi, Mámleketlik sıylıqlardıń laureatı, kompozitor Najimatdin Muxammeddinovtıń 85 jıllıǵına baǵıshlanǵan yubiley keshesi, «Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri», kompozitor Marqabay Jiemuratovtıń 80 jıllıǵına baǵıshlanǵan eslew keshesi, Ózbekstan Qaharmanı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Ibrayım Yusupovtıń tuwılǵan kúni múnásibeti menen, kompozitor Najimatdin Muxammeddinovtıń «Ayt, sen Ayaziydiń qosıqlarınan» atamasındaǵı koncert baǵdarlaması ustaz basshılıǵında Filial xalıq sazları orkestri atqarıwında joqarı dárejede ótkerildi. Sonday-aq, 2023-jıl oktyabr ayında Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialında professor, Ózbekstan xalıq artisti, mámleketlik sıylıqlardıń laureatı Najimatdin Ańsatbaevtiń 80 jıllıq yubiley keshesine baǵıshlanıp, Filialdıń "Saz atqarıwshılıǵı" kafedrası professorı, "Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen jaslar ustazı», kompozitor Hikmat Rajabov basshılıǵında dúzilgen xalıq sazları orkestri tárepinen koncert

shólkemlestirildi. Ilaj dawamında Saparbay Palwanov naması, Tilewbergen Jumamuratov sózine «Ana haqqında qosıq» atamasındağı shıgarmanı bir sahnada turıp ustazımız Najimatdin Ańsatbaev penen birge atqarıw men ushın kútilmegen sawǵa boldı. N.Ańsatbaevtıń kúshli hám jaǵımlı hawazı bársheni quwanıshqa bólep, haqıyqıy muzıka álemine alıp kirdi hám buǵan sebepshi bolǵan dirijyor H.Rajabovqa jıynalǵanlar ayrıqsha minnetdarshılıq bildirdi.

Ullı sóz zergeri XIX ásir qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń eń kórnekli wákili Ájiniyaz Qosıbay ulınıń tuwılǵanına 200 jıl tolıwı múnásibeti menen ustazımız H.Rajabov ózi basqarǵan xalıq sazları orkestri menen Ájiniyaz Qosıbay ulı shıǵarmalarına jazılǵan namalardan dúzilgen «Renessans hám jaslar» atamasındaǵı koncert baǵdarlamasın xalqımızǵa inám etti. «Ajiniyaz Qosıbay ulınıń 200 jıllıǵına» baǵıshlanǵan bul koncert baǵdarlaması búningi kúnge shekem elimizge belgili kórkem óner sheberleri, talantlı student-jaslardıń qatnasında I.Yusupov atındaǵı dóretiwshilik mektebinde, Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutında, Qaraqalpaqstan Teleradio kompaniyasında tikkeley efir arqalı hám Ózbekstan mámleketlik dene tárbiyası hám sport universiteti Nókis filialında joqarı dárejede bolıp ótti. Sonday-aq ilajlar dawamında tıńlawshılar ushın qaraqalpaq ádebiyatınıń klassikalıq shayırı Ájiniyaz Qosıbay ulınıń ómiri hám dóretiwshiligi, shıǵıs xalıqları mádeniyatı hám ádebiyatın, xalıqlar arasındaǵı doslıq qatnasıqların rawajlandırıwǵa, sonıń menen birge, jas áwladtı Watan súyiwshilik ruwxında tárbiyalawǵa qosqan úlesi haqqında aytıp ótildi. H.Rajabov baslaması menen shólkemlestirilgen bul ilaj Respublikamız boylap, barlıq qala hám rayonlarda dawam etedi. Sonday-aq, Ustazımız 2024-jıl 14-mart kúni Filialda Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen kórkem óner ǵayratkeri, Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı, kompozitor hám dirijyor Abdireyim Sultanovtıń eslew keshesine baǵıshlanǵan koncert baǵdarlamasın shólkemlestirdi hám onıń ómir jolın, islegen miynetlerin jáne de Abdireyim Sultanovtıń qaraqalpaq muzıka kórkem ónerine qosqan úlesleri, keleshek áwladlarǵa qaldırǵan bay miyrasları haqqında tıńlawshılarǵa ásirese, student jaslarǵa keńnen túsindirip ótti.

Ulıwma aytqanda ustazdıń hárbir baslaması, hárbir koncert baǵdarlamaları "Biz bir mámlekette jasap atırǵan birden-bir xalıqpız"-mádeniy hám milletler aralıq tatıwlıq uranı astında keń muzıka jámiyetshiligi qatnasında ózbek hám qaraqalpaq xalıqlarınıń máńgi doslıǵınıń tımsalı retinde jańlaydı hám tınıshlıqtı, doslıqtı, milletler aralıq tatıwlıqtı súwretlewshi belgili kompozitor esaplanadı. Biz, sonday ájayıp dos, sheber sazende, úlgili shańaraq iyesi, el, xalıq ardaǵındaǵı insan hám jankúyer ustaz Hikmat aǵamız bar ekenligi menen haqılı túrde maqtanamız. Ustazǵa bekkem densawlıq, uzaq ómir hám nátiyjeli dóretiwshilik tileymiz.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**


1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 2-fevral kúngi "Mádeniyat hám kórkem óner tarawın bunnan bılay da rawajlandırıwǵa baylanıslı qosımsha ilajlar haqqında"ǵı PQ-112-sanlı qararı.

2. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 5-apreldegi "Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyasınıń Nókis filialın shólkemlestiriw haqqında"ǵı 186-sanlı qararı.

3. МАМУТОВ П. ҚОРАҚАЛПОҚ ДАВЛАТ ҚЎГИРЧОҚ ТЕАТРИНИНГ ТАШКИЛ ҚИЛИНИШИ. ТЕАТРДАГИ ИЖОДИЙ ЖАРАЁНЛАР ВА ИЗЛАНИШЛАР //Journal of Culture and Art. – 2023. – Т. 1. – №. 2. – С. 1-6.

4. Мамутов П. А. ОБЕСПЕЧЕНИЕ ПРОФЕССИОНАЛЬНЫМИ КАДРАМИ КАРАКАЛПАСКОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО ТЕАТРА //Проблемы современной науки и образования. – 2023. – №. 3 (181). – С. 104-111.

5. Pirnazarov S. M., Mamutov P. A. History And Development Of Karakalpak National Ethnogenesis //Eurasian Scientific Herald. – 2022. – Т. 7. – С. 193-195.

6. MAMUTOV P. A. Раздел 2. Театральное искусство Section 2. Theatre arts //European Journal of Arts. – 2022. – №. 2. – С. 32-35.

# MAZMUNÍ

**MUZÍKATANÍW**



| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Allanbaev R.O.** QOSÍQSHÍLÍQTÍŃ BÚGINGI KÚNDEGI ÁHMIYETI…………………………………………………………. | 3 |
| 2 | **Kulchigayeva M.** QORAQALPOQ XALQ QO‘SHIQLARINING O‘ZIGA XOS XUSUSIYATLARI HAQIDA ……………................... | 10 |
| 3 | **Charshemov J., Muratbaeva R.** JAŃA RUXTAǴÍ XALÍQ QOSÍQLARÍ……………………………………………………………. | 16 |
| 4 | **Charshemov J.** XVI-XVII ASRLARDA BALETNING YEVROPADA KLASSIK RAQS TURI SIFATIDA RIVOJLANISHI | 22 |
| 5 | **Abatbaeva R.** QORAQALPOQ MUSIQA SAN'ATIDA SYUITA JANRINING RIVOJI……………………………………………………… | 28 |
| 6 | **Rasbergenova X.S.** MUSIQANING INSON SALOMATLIGIDAGI O‘RNI VA AHAMIYATI……………………………………………… | 38 |
| 7 | **Abdisultanov J.** QARAQALPAQ MUZÍKASÍNDAǴÍ JANRLÍQ ÓZGESHELIKLER (QARAQALPAQ MUZÍKALÍ DRAMALARDÍŃ PAYDA BOLÍWÍ HÁM RAWAJLANÍWÍ)………………………….. | 43 |
| 8 | **Charshemov J., Orazalieva G.** BAROKKO DÁWIRINIŃ GARMONIYASÍ............................................................................. | 49 |
| 9 | **Zuxurov M.** VIOLONCHEL SAZ ASBABINIŃ KELIP SHIǴIWI, ORKESTR HÁM KAMER ANSAMBLLERINDE TUTQAN ORNI….. | 54 |
| 10 | **Uzoqov D.S.** UYG‘UR MUSIQALI TEATRINING MARKAZIY OSIYODA PAYDO BO‘LISHI……………………………………… | 59 |



**KÓRKEM ÓNER**



| | | |
|---|---|---|
| 11 | **Mamutov P.A.** KOMPOZITOR HIKMAT RAJABOV ÓMIRI HÁM DÓRETIWSHILIGI HAQQÍNDA...……………………………. | 65 |
| 12 | **Abdikarimova I.** QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDAǴÍ BIRINSHI FLEYTA ATQARÍWSHÍSÍ……………………………… | 71 |
| 13 | **Sobirjonov A.** O‘ZBEK OPERA XONANDALIGIGA VA MILLIY QO‘SHIQCHILIGIGA ERGASH YO‘LDOSHEVNING QO‘SHGAN HISSASI.......................................………………………… | 76 |
| 14 | **Saidxonov A.S.** XX ASR YANGI VENA MAKTABI IJODKORLARI TARIXNING YANGICHA KO‘RINISHI…………………………. | 80 |
| 15 | **Dauletbaev T.Q.** QORAQALPOQ BAXSHICHILIK SAN’ATINING RIVOJIDA G‘AYRATDIN UTEMURATOVNING MEHNATLARI…. | 90 |
| 16 | **Matimuratov S.** QARAQALPAQ KÓRKEM ÓNERINDE XOSH HAWAZ BÚLBÚL TAMARA DOSHUMOVANÍŃ TUTQAN ORNÍ… | 95 |
| 17 | **Ońgarbaeva L.** CHANG SAZ ÁSBABÍNÍŃ TARIYXÍ HÁM USTAZ ATQARÍWSHÍLARÍ………………………………………..……. | 100 |
| 18 | **Sharipov A.Sh.** XONANDALIKDA IJROCHILIK TAMOYIL VA ME‘ZONLARI…………………………………………………. | 106 |

## MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ


| | | |
|---|---|---|
| 19 | **Rajabov X.J.** QASHQAR RUBABI BASLANǴISH SABAQ BARISINDAǴI TÁLIM MASHQALALARI TIYKARINDA...………. | 110 |
| 20 | **Abatbaeva U.A.** ART-PEDAGOGIKALIQ HÁM ART-TERAPEVTIKALIQ TEXNOLOGIYALAR TIYKARINDA BASLANǴISH KLASS OQIWSHILARIN ESTETIK TÁRBIYALAW MODELI……………………………………………………… | 118 |
| 21 | **Jumaniyazov O‘.** O‘QUVCHILARGA XALQ CHOLG‘ULARINI O‘RGATISHDA SHARQ ALLOMALARI MUSIQIY RISOLALARINING AHAMIYATI………............................... | 125 |
| 22 | **Любимцева В.С.** ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ИННОВАЦИОННЫХ ТЕХНОЛОГИЙ – ВАЖНОЕ УСЛОВИЕ ДЛЯ СОВЕРШЕНСТВОВАНИЯ ПРОФЕССИОНАЛЬНОГО МАСТЕРСТВА ПРЕПОДАВАТЕЛЯ……………………………... | 131 |
| 23 | **Matjanova M.** OQÍWSHÍLARDÍ ESTETIK TÁRBIYALAWDA ÁMELIY QOLLANIW METODLARÍ, FORMA HÁM QURALLARI... | 136 |
| 24 | **Jumabaev A.** NOTA OQIW TÁJIRIYBESINDE ATQARIWSHILIQ KÓNLIKPELERIN ÓZLESTIRIW HÁM QÁLIPLESTIRIW……….. | 143 |
| 25 | **Раджабова Н.** АКТИВИЗАЦИЯ ТВОРЧЕСКИХ НАВЫКОВ С ИСПОЛЬЗОВАНИЕМ ИНТОНАЦИОННЫХ ОСОБЕННОСТЕЙ МЕЛОДИИ В МЕТОДИКЕ ПРЕПОДАВАНИЯ СОЛЬФЕДЖИО…. | 149 |
| 26 | **Mutalov D.A**. YOSHLARNING MA’NAVIY SHAKLLANISHIDA MUSIQANING O‘RNI……………………………………………… | 154 |


## JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER


| | | |
|---|---|---|
| 27 | **Palımbetov K.S.** QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTÚR FOLKLORÍNÍŃ ÚYRENILIW MÁSELESI……………………………………..……… | 160 |
| 28 | **Bekbergenova Z.** 1990-2000-JÍLLARDAǴÍ QARAQALPA AMATURGIYASÍ HAQQÍNDA | 168 |
| 29 | **Marziyayev J.K.** EKOLOGIK MADANIYAT VA UNI SHAKLLANTIRISH: EKOLOGIK MUAMMONI OLDINI OLISHNING BIR USULI SIFATIDA……………………………. | 176 |
| 30 | **Sadenova G.P.** KÓRKEM SHÍǴARMALARDA EPITETTIŃ QOLLANÍLÍW ÓZGESHELIKLERI HÁM USÍLLARÍ……………. | 181 |